

Kesyon Jeneral

Kisa peman elektwonik la vle di pou mwen?

Yon peman elektwonik vle di ou pral resevwa lajan ou dirèkteman sou kont ou. Ou pa bezwen pèdi tan voye yon chèk, ou pa bezwen fè yon depo labank oswa peye frè pou chanje okenn chèk nan lide pou w ka gen aksè a lajan w lan. Lajan ou an disponib pou ou, touswit apre peman an fin afiche sou kont ou.

Ki opsyon Mwen genyen?

Genyen de (2) opsyon pou resevwa peman elektwonik ou an, yo se:

- Kat Debi,
- Depo dirèk sou kont kouran ou genyen ki egziste deja a.

Ki opsyon ki pi bon pou mwen?

Pou w ka chwazi opsyon ki pi bon pou ou ak fanmi w lan, ou bezwen evalye fason w depanse lajan w.

Kat debi a gen logo MasterCard la sou li epi yo ka itilize l nenpòt kote ki aksepte MasterCard. Ou ka itilize kat la pou achte pwovizyon, soulye ak rad, bagay pou kay, peye pou reparasyon machin, founiti lekòl, fè peman sou entènèt chak mwa, pou gen aksè a lajan kach lè sa nesèsè, elatriye. Si pou kounya se konsa ou itilize lajan sibvansyon ou an, enben kat debi a se chwa k ap pi bon pou ou a.

Si w itilize lajan w lan pou w ka fè yon peman an yon sèl vèsman tankou lwaye oswa ipotèk, oswa peman frè lekòl, enben opsyon depo dirèk la kapab se opsyon k ap pi bon pou ou a.

Èske mwen ka chwazi resevwa yon chèk papye, olye de yon peman elektwonik?

Non.

Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi nan Eta New York la (Office of Children and Family Services, OCFS) an patenarya ak ajans Depatman Sèvis Sosyal Distri Lokal yo (Local District Department of Social Services) te pase nan mòd sistèm peman

elektwonik la pito. Nou kwè pwosesis peman sa a pi fasil pou itilize pou kliyan nou yo epi ofri anpil avantaj ki gen ladan plis fleksibilite..

Kilè Mwen pral resevwa premye peman mwen an?

Si yo fenk apwouve w pou w resevwa peman atravè Depatman Sèvis Sosyal Distrik Lokal ou a, travayè sosyal ou a ap kapab ba w yon dat apeprè konsènan lè w ka espere peman yo ka kòmanse. Gen plizyè faktè ki pral detèmine dat aktyèl peman w lan, tankou, men gen toujou, opsyon peman ou chwazi a, epi lè w aktyèlman enskri kont ou a pou opsyon depo dirèk la, oswa lè ou resevwa epi aktive kat debi a. Nan mwa k ap vin apre yo, yo ta dwe depoze peman ou a sou kont ou nan 1 jiska 2 jou ouvrab apre Depatman Sèvis Sosyal Distri Lokal ou a kòmanse pwosesis peman an.

Kisa mwen ta dwe fè si adrès mwen chanje?

Pou w ka fè yo chanje adrès ou a, w ap bezwen kontakte travayè sosyal ou a nan Depatman Sèvis Sosyal Lokal ou a. Repezantan Sèvis Kliyantèl KeyBank la oswa repezantan NYEPAY la **p ap** kapab ede w ak chanjman sa a.

Li enpòtan pou kenbe travayè sosyal ou a enfòm konsènan nenpòt pwoblèm chanjman, ni pou chanjman adrès paske sa pral detèmine ki kote yo pral voye enfòmasyon pwogram, kat ranplasman, re-sètifikasyon oswa lòt enfòmasyon yo.

Kisa mwen ta dwe fè si non mwen chanje?

Pou w ka fè yo chanje non w, w ap bezwen kontakte travayè sosyal ou a nan Depatman Sèvis Sosyal Distri Lokal ou a. Repezantan Sèvis Kliyantèl KeyBank la oswa repezantan NYEPAY la **p ap** kapab ede w ak chanjman sa a. Yon chanjman non pral egzije pou gen yon modifikasyon nan akò sibvansyon an, oswa kèk chanjman nan lòt enfòmasyon ki nan dosye a.

Lè distri lokal la fin fè chanjman an, OCFS ap fè KeyBank konnen pou l ka bay yon nouvo kat debi ki reflekte chanjman an. Si w gen depo dirèk, w ap bezwen fè bank ou an ansanm ak distri lokal la konn sa.

Èske M ap toujou resevwa relve peman chak mwa a? Kòman M ap fè konnen ki kantite peman mwen an ye?

Ou ka wè relve peman chak mwa ou a lè w annik konekte nan

<https://sbp.ocfs.ny.gov/nyepay/>. Relve peman ou an ap reflekte enfòmasyon ki

nan akò sibvansyon ou a. Sou premye koneksyon ou a, w ap bezwen kreye yon non itilizatè ak modpas.

Si w chwazi yon kat debi pou opsyon peman w lan, ou ka mande pou yo voye ba ou yon relve sou papye chak mwa, lè w annik rele Sèvis Kliyantèl KeyBank la nan 866-295-2955 oswa lè w annik ale sou entènèt nan www.key2benefits.com. Lè w konekte, reponn kesyon "Enfòmasyon Istwa Tranzaksyon sou Papye" (Paper Transaction History Information) ki nan pati anba paj Enfòmasyon sou Pwopriyete Kat la (Cardholder Information). Lè w fin fè demand lan, w ap kontinye resevwa yon relve chak mwa pa lapòs jiskaske w chwazi dezaktive sèvis sa a.

Pou moun ki chwazi depo dirèk yo, relve chak mwa yo a pral depann de aranjman yo genyen ak bank yo a epi ak pratik bank aktyèl yo a.

[\[anlè\]](#)

Kesyon sou Depo Dirèk

Kòman pou Mwen chwazi opsyon depo dirèk la?

Genyen de (2) fason pou w enskri nan depo dirèk.

- Konekte sou sit entènèt OCFS la avèk nenpòt òdinatè ki gen aksè a entènèt, nan: <https://sbp.ocfs.ny.gov/nyepay/>. Swiv enstriksyon ki sou ekran an.
- Si ou pa gen aksè a yon òdinatè ki gen aksè a entènèt, ou ka mande yon fòm enskripsyon depo dirèk pou sibvansyon adopsyon lè w annik rele 1(877) 437-7855. Y ap voye yon fòm enskripsyon ba ou pa lapòs. Ou dwe ranpli fòm nan epi voye li tounen ak yon kopi chèk ki anile epi ki montre nimewo woutaj bank ou an ak enfòmasyon kont ou a pou kont kouran yo.

Kòman pou Mwen chanje enfòmasyon sou bank/kont chèk?

Konekte sou sit entènèt OCFS la avèk nenpòt òdinatè ki gen aksè a entènèt nan adrès sa a: <https://sbp.ocfs.ny.gov/nyepay/>. Swiv enstriksyon ki sou ekran an epi antre nouvo enfòmasyon bankè ou yo.

Si ou pa gen aksè a yon òdinatè ki gen aksè a entènèt, ou ka mande yon fòm enskripsyon depo dirèk pou sibvansyon adopsyon lè w annik rele 1(877) 437-7855. Y ap voye yon fòm enskripsyon ba ou pa lapòs. Ou dwe ranpli fòm nan ak enfòmasyon bankè ou genyen ki ajou yo epi voye li

tounen ak yon kopi chèk ki anile, epi ki montre nouvo kowòdone bankè ou an ak nouvo enfòmasyon kont ou a pou kont kouran yo.

Èske Mwen ka itilize yon kont epay pou depo dirèk mwen an?

Non.

Sistèm aktyèl la pwograme sèlman pou kont kouran. Lè yo fin depoze sibvansyon ou sou kont kouran w lan, ou kapab transfere lajan an nan kont epay ou.

[\[anlè\]](#)

Kesyon pou Kat Debi

Kòman pou Mwen chwazi opsyon kat debi a?

Konekte sou sit entènèt NYEPAY la nan <https://sbp.ocfs.ny.gov/nyepay/> epi chwazi opsyon kat debi a.

Si w pa anrejistre pou depo dirèk, w ap enskri otomatikman pou yon kat debi. Tanpri, sonje peryòd enskripsyon pou seleksyon peman an dire twa (3) semèn, vle di si pa gen okenn seleksyon peman ki fèt pandan peryòd enskripsyon an, sistèm NYEPAY la ap itilize opsyon kat debi a. Li enpòtan pou fè yon seleksyon peman san pèdi tan pou ka resevwa avantaj ou yo atan.

Kòman Mwen pral resevwa kat debi mwen an?

Kat debi w la ap rive pa lapòs apeprè 7 jiska 10 jou ouvrab apre w fin enskri nan pwogram nan. Kat debi Key w la pral wouj. Tanpri, siveye li epi pa jete li, menmsi ou te enskri pou depo dirèk.

Lè ou resevwa kat ou a, rele Sèvis Kliyantèl KeyBank lan nan nimewo 866-295-2955 pou aktive li san pèdi tan.

Konbyen kat debi yo pral bay yon kay?

Yo p ap bay plis pase de (2) kat pou chak kay. Pral gen yon mèt kont prensipal, epi si yo te apwouve peman yo pou plis pase yon (1) moun, ka gen yon mèt kont segondè. Yo dwe aktive chak kat yon fason separe nan moman y ap resevwa li. a.

Èske Mwen oblije aktive yon kat debi anvan Mwen ka itilize li?

Wi.

Lè w resevwa kat debi a pa lapòs, ou dwe rele Sèvis Kliyantèl KeyBank la nan nimewo gratis ki sou do kat ou a pou w ka aktive kont ou a.

Nan pwosesis pou aktive kat la, n ap mande ou pou kreye yon PIN 4 chif pou kat ou a. PIN ou a se yon nimewo kat (4) chif ou antre sou klavye ATM yo ak nan biznis detayan yo. Anvan w chwazi PIN ou a, w ap bezwen valide dat nesans ou ak kòd sekirite 3 chif ki sou do kat ou a (adwat panèl siyati a).

Lè w fin aktive kat ou a, ou ka gen aksè a enfòmasyon sou balans lan atravè sistèm telefòn otomatik la oswa atravè sit entènèt ki pou moun ki gen kat KeyBank yo www.key2benefits.com.

Èske Mwen ka jwenn enfòmasyon sou kat debi mwen an sou entènèt?

Wi.

Lè ou fin aktive kat ou a, ou ka itilize sit entènèt ki pou moun ki gen kat KeyBank yo pou ka gen aksè a balans lan epi ak istwa tranzaksyon yo, chanje yon PIN, mande relve sou papye, peye bòdwo, epi transfere lajan sou kont labank pèsònèl ou. Ou ka gen aksè a sit la lè w ale sou www.key2benefits.com.

Premye fwa ou konekte nan sistèm nan, w ap itilize nimewo 16 chif ki sou fas kat ou a ak PIN 4 chif ou te chwazi pandan aktivasyon an. Lè w fin konekte, ou pral chwazi yon ID itilizatè ak modpas poukont ou pou ka itilize nan pwochen koneksyon ou yo. Epiou, yo pral mande w pou w chwazi twa (3) kesyon sekirite. Chwazi kesyon ou vle yo epi bay repons yo.

Kisa Mwen ta dwe fè si Mwen pèdi kat debi mwen an?

Si kat debi ou a pèdi, si yo vòlè l oswa si kat debi a gen yon domaj, ou dwe rele Sèvis Kliyantèl KeyBank la nan nimewo 1-866-295-2955 epi y ap voye yon nouvo kat ba ou pa lapòs.

Bank la ofri yon (1) kat ranplasman gratis pandan chak ane kalandriye. Nenpòt kat ranplasman adisyonèl ap koute \$5.00 pou chak kat epi y ap rive nan espas 7

jiska 10 jou ouvrab. Si w ta chwazi pou livrezon kat ranplasman w lan fèt nan aswè, y ap ajoute yon frè \$15.00 pou sèvis sa a.

Kisa mwen ta dwe fè si kat debi mwen an pa mache?

Si kat debi ou a pa mache, tanpri asire ou te aktive kat la epi asire ou gen yon balans ki disponib sou li.

Si yon ATM pa aksepte kat ou a, senpleman eseye yon lòt ATM. Premye ATM nan ka an pàn oswa li ka pa fè pati rezo ki aksepte kat la.

Si kat la toujou pa mache, rele Sèvis Kliyantèl KeyBank la nan 1-866-295-2955 pou plis asistans.

Kòman Mwen pral fè konnen ki kantite lajan ki sou kat debi mwen an?

Depatman Sèvis Sosyal Distri Lokal ou a ap fè w konnen ki kantite sibvansyon ou genyen, lè yo fin apwouve akò sibvansyon w lan. Sa a se kantite lajan ki pral afiche sou kont ou chak mwa. Depatman sèvis sosyal distri lokal ou a pral fè w konnen nenpòt chanjman ki fèt sou kont sa a. Ou ka gen aksè a relve peman chak mwa ou a lè w annik konekte sou <https://sbp.ocfs.ny.gov/nyepay/>.

Lè ou kòmanse itilize kat debi a, ou ka jwenn balans kont ou a plizyè fason. Ou ka konekte sou www.key2benefits.com Sit entènèt KeyBank ki san danje, ki sekirize, oswa rele Sèvis Kliyantèl KeyBank la nan 1-866-295-2955. Pa janm gen yon frè pou rele Sèvis Kliyantèl KeyBank la oswa itilize sit entènèt la. Epitou, ou ka jwenn balans kont ou a sou nenpòt ATM gratis. W apal gen bezwen nimewo PIN ou a pou ka jwenn enfòmasyon sou kont ou a.

Konbyen kòb mwen ka retire nan yon ATM?

Pou pwoteksyon ou, kat debi a gen yon limit retrè nan ATM lan ki se \$1,500 pa jou. Epitou, ATM w ap itilize a ka gen yon limit sou kantite lajan ou ka retire nan yon sèl tranzaksyon.

Pa janm gen yon frè pou retrè nan ATM KeyBank oswa Allpoint yo. Ou ka itilize ATM ki pou lòt bank; men, y ap fè w peye \$1.50 pou chak tranzaksyon. Epitou, pwopriyete ATM lan kapab oblije moun peye yon frè anplis apre frè tranzaksyon an. Pou evite peye frè, reflechi sou ki ATM ou pral itilize.

Epitou, ou ka mande yon kesye lajan kach, nan nenpòt bank ki montre logo MasterCard la. Senpleman di kesye a konbyen lajan ou vle retire epi ba li kat debi ou a. Epitou, kesye a ka mande pou w ba l wè yon kat idantite ki gen foto. Gen yon limit chak jou ki se \$7,000 pou kalite tranzaksyon sa a. Anplis, gen yon pwèn pou w konsidere, si w gen plan pou retire balans chak mwa ou a yon sèl kou, opsyon kat debi a ka pa pi bon pou ou. Nan ka sa a, ou ta dwe konsidere opsyon depo dirèk la kòm pi bon chwa pou ka reponn ak bezwen fanmi ou.

Kisa k ap rive si Mwen bliye PIN mwen an?

Si w bliye PIN kat debi w la, rele Sèvis Kliyantèl KeyBank lan nan 1-866-295-2955 pou w ka chwazi yon nouvo PIN. Ou ta dwe chwazi nimewo ki fasil pou w sonje, men ki difisil pou yon lòt moun rive konprann.

Kisa k ap rive si m antre move PIN nan?

Si w gen pwoblèm pou w sonje PIN kat debi w la, **pa** eseye devine lè w ap antre li nan yon tèminal Pwen-Lavant (Point-of-Sale, POS) oswa yon ATM. Si ou antre move PIN nan, ou gen de (2) chans anplis pou w antre nimewo ki kòrèk la. Si w pa antre bon PIN kat debi a nan twazyèm esèy la, ou dwe rele Sèvis Kliyantèl KeyBank lan pou èd nan 1-866-295-2955.

Èske gen yon limit sou kantite acha Mwen ka fè chak mwa?

Youn nan avantaj ki genyen nan kat debi a se, ou ka fè yon kantite acha san limit nan Kote Yo Vann (Point of Sale, POS) pa mwa, jiska balans ki sou kont kat ou a. Ou ka kontinye sèvi ak kat la toutotan gen ase lajan nan kont lan pou kouvri kantite ou vleachte a. Li enpòtan pou w swiv balans ou.

Kisa k ap pase si Mwen eseye fè yon acha epi pa gen ase lajan nan kont mwen an?

Si w eseye fè yon acha nan nenpòt ki Kote Yo Vann (POS) epi pa gen ase lajan nan kont ou pou kouvri acha a, y ap oblije refize li.

Si gen mwens pase \$20 nan kont mwen an, kijan Mwen pral ka fè jwenn li si ATM yo fonksyone sèlman pa franch \$20?

Si gen mwens pase \$20 nan kont ou a, ou ka ale kot yon kesye nan nenpòt bank ki montre logo MasterCard la epi resevwa balans ki nan kont ou a an lajan kach.

Epitou, ou ka depanse lajan sa yo nan nenpòt Kote Yo Vann (POS) ki aksepte MasterCard.

Pa jete kat ou a si w fin retire tout lajan ki te sou li. Si w ap resevwa yon vèsman chak mwa, kat la pral gen pwochen peman chak mwa w la ki afiche sou li nan dat peman an konn abitye fèt la.

Kisa k ap pase si Mwen toujou gen yon balans sou kat debi mwen an nan fen mwa a?

Si ou gen yon balans sou kont kat debi ou a nan fen mwa a, l ap rete disponib pou ou lè peman mwa k ap vini an afiche. Balans lajan ki sou kat debi a pa konn ekspire.

Kisa k ap pase si Mwen p ap resevwa peman ankò? Kisa pou Mwen fè ak kat debi a?

Kat debi w la ap valab pou yon peryòd twa (3) lane. Menmsi w pa resevwa peman chak mwa ankò, ou ta dwe mete kat debi a yon kote ki an sekirite jiskaske ou gen yon balans nan kont ou a. Lè w fin depanse tout lajan ki te sou kat la epi ou konnen w p ap resevwa peman chak mwa ankò, ou ka koupe kat la ak sizo epi jete l, oswa mete l nan yon aparèy ki la pou chire dokiman ki an plastik.

Èske gen yon dat ekspirasyon sou kat debi a? Kisa k ap pase si/lè kat la ekspire?

Kat debi ou a valab pou twa (3) lane. KeyBank voye yon nouvo kat debi pa lapòs bay tout moun aktif ki gen kat yo chak twa (3) lane anvan dat ekspirasyon an rive. Yo enprime dat ekspirasyon an devan kat debi a. Si w p ap resevwa peman chak mwa ankò, ou p ap resevwa yon nouvo kat apre peryòd ekspirasyon w lan.

Si w ap kontinye resevwa peman, men w pa resevwa yon nouvo kat debi anvan dat ekspirasyon an, tanpri rele Sèvis Kliyantèl KeyBank lan nan 1-866-295-2955. Lè w resevwa yon nouvo kat debi, w ap bezwen aktive l lè w annik swiv enstriksyon ki akonpaye kat la, anvan w sèvi ak li.

[\[anlè\]](#)

Kesyon sou Frè pou Itilize Kat Debi a

Èske gen yon frè pou aktive kat debi a?

Non.

Pa gen okenn frè pou aktive kat debi w la.

Èske gen yon frè pou itilize kat debi a?

Ou ka sèvi ak kat debi w la pou fè yon acha kay yon detayan ki aksepte kat debi MasterCard oswa ki aksepte tranzaksyon kat debi ki baze sou PIN **gratis**. Gen kèk detayan, tankou makèt, ki pèmèt ou jwenn yon diskont lè w fè acha ak PIN. Poze kesye a kesyon konsènan règleman diskont lan anvan ou kòmanse tranzaksyon w lan.

Ou ka sèvi ak kat debi w la tou pou retire lajan kach, san frè anplis, nan plis pase 46,000 ATM KeyBank ak Allpoint nan Etazini. Ou ka itilize ATM ki pou lòt bank; men, y ap fè w peye \$1.50 pou chak tranzaksyon. Epitou, pwopriyetè ATM lan kapab oblije moun peye yon frè anplis apre frè tranzaksyon an. Frè sa yo ka varye nan pri, kidonk tcheke eta balans ou epi planifye alavans.

Pou evite peye frè, reflechi sou ki ATM ou pral itilize. Tanpri, al gade nan Lis Frè pou kat debi KeyBank lan, ki vini ansanm ak kat debi ou a pou plis detay.

Kòman Mwen ka evite peye frè pou jwenn aksè a lajan mwen an?

Pa janm gen yon frè pou itilize kat debi w la pou tranzaksyon ki baze sou PIN oswa ki baze sou Siyati nan Kote Yo Vann yo (POS). Anpil detayan ofri opsyon pou resewa diskont lan lè w fè yon acha POS ki baze sou PIN. Asire ou chèche detayan ki afiche logo MasterCard la epi poze li kesyon konsènan diskont li an.

Sonje byen, si w chwazi sèvi ak yon ATM ki pa pou KeyBank oswa Allpoint, y ap fè w peye \$1.50, plis frè anplis pwopriyetè ATM lan ap enpoze w bay. KeyBank ak Allpoint p ap janm fè w peye yon frè oswa yon frè anplis pou w itilize ATM yo a. Pou jwenn yon ATM ki toupre ou, sèvi ak lokalizatè ATM sa yo:

- www.key.com/locator
- www.allpointnetwork.com

Li enpòtan pou swiv balans kont ou a pou yo pa refize tranzaksyon yo akòz manke lajan nan kont ou an. Ou ka fè sa, lè annik konekte sou sit entènèt sekirize KeyBank lan nan www.key2benefits.com oswa lè w rele Sèvis Kliyantèl KeyBank lan nan 1-866-295-2955, oswa nan nenpòt ATM. Yo pa janm mande okenn frè pou sèvis sa a.

Ki diferans ki genyen ant frè tranzaksyon ak frè anplis?

Konpayi ki bay kat la, KeyBank, enpoze yon frè tranzaksyon. W ap jwenn yon lis frè tranzaksyon ki vini ansanm ak kat ou a. Tanpri kenbe tablo frè sa a pou itilize alavni. Gen yon lis frè k ap disponib pou ou anvan ou chwazi opsyon kat debi a. Pa egzanp, KeyBank fè w peye \$1.50 chak fwa ou itilize yon ATM ki pa pou KeyBank oswa Allpoint.

Yon frè anplis se yon frè pwopriyetè ATM la egzije w bay. Kantite frè anplis yo varye selon ATM lan. Ou p ap janm peye yon frè anplis lè w sèvi ak yon ATM KeyBank oswa Allpoint.

Èske M ap oblije peye frè anplis ATM yo?

Sa depann de ki fason ou chwazi gen aksè a fon w lan.

KeyBank te fè patenarya ak rezo ATM Allpoint lan, vle di ou ka itilize kat debi ou san okenn frè anplis nan plis pase 46,000 ATM nan tout peyi a.

Ou ka itilize ATM ki pou lòt bank; men, y ap fè w peye \$1.50 pou chak tranzaksyon. Epi tou, pwopriyetè ATM lan kapab oblije moun peye yon frè anplis apre frè tranzaksyon an. Pifò pwopriyetè ATM yo enpoze yon frè anplis, kidonk swiv balans ou. Si w itilize yon ATM ak yon frè anplis, w ap responsab pou peye frè sa a.

Tanpri, sonje nan ATM Allpoint yo, ou dwe peze "YES" (WI) pou ka aksepte frè anplis yo mande a epi kontinye avèk tranzaksyon w lan. Yo p ap fè w peye pou frè sa a, ni tou yo p ap retire frè a sou kont ou. Ou ka verifye sa lè w annik tcheke resi tranzaksyon ATM ou an.

Si w ap itilize kat debi w la pou w retire lajan kach plizyè fwa pa mwa, enben opsyon depo dirèk la kapab se pi bon chwa a pou ou.

Èske gen yon frè pou itilize yon ATM ki pa pou KeyBank?

Wi. Yo pral fè w peye \$1.50 pou chak tranzaksyon lè w itilize yon ATM ki pa pou KeyBank oswa Allpoint. Pwopriyetè ATM lan gen dwa gen yon frè anplis li mande.

Konbyen retrè ATM gratis Mwen ka fè pa mwa?

Ou pral gen aksè san limit pou fè tranzaksyon ATM nan KeyBank ak Allpoint. Si w itilize machin sa yo, ou p ap peye okenn frè. Si w itilize yon ATM ki pou yon lòt bank, y ap fè w peye \$1.50 pou chak tranzaksyon. Pwopriyetè ATM lan gen dwa gen yon frè anplis li mande.

Èske gen yon frè pou m peye si mwen itilize yon ATM deyò Etazini?

Gen yon frè tranzaksyon \$3.00 pou chak retrè lajan kach ki fèt nan ATM ki deyò Etazini yo, ansanm ak yon frè konvèsyon lajan ki se 3%.

Èske gen yon frè pou m peye pou m ka tcheke balans kont mwen an?

Non.

Pa janm gen yon frè pou tcheke balans ou atravè Sèvis Kliyantè KeyBank la (KeyBank Customer Support), www.key2benefits.com, oswa nan yon ATM.

Èske gen yon frè pou m peye pou m ka jwenn lajan kach nan men yon kesye labank?

Non.

Moun pa janm gen pou peye okenn frè lè yo annik ale kot yon kesye nan nenpòt bank ki afiche logo MasterCard la, nan lide pou moun nan ka pran lajan kach nan kont kat debi li a.

Èske gen yon frè pou m peye pou m ka jwenn peman mwen an sou fòm chèk nan men yon kesye?

Anjeneral, bank yo pa bay chèk lè yon moun ap fè yon retrè sou kont li lè l itilize yon kat debi. Se kesye labank lan ki bay lajan kach. Men, si w bezwen yon chèk, ou ka mande kesye a pou l ba w yon chèk ki sètifye. Selon bank lan, frè yon chèk kapab varye. Mande anvan ou fin fè tranzaksyon an.

Èske pa gen okenn frè pou m peye nan espas Kote Yo Vann yo (POS)?

Non.

Ou ka itilize kat debi w la san w pa peye pou w fè acha nan nenpòt kote yo vann an detay, epi ki afiche logo MasterCard la.

Èske gen yon frè pou moun peye pou I ka jwenn diskont nan yon tèminal Kote Yo Vann (POS)?

Anpil machann ofri tranzaksyon pou jwenn diskont nan Kote Yo Vann yo (POS); men, sa depann de ki kalite akò vandè an genyen ak bank li a. Gen dwa gen yon frè pou w bay pou w ka jwenn diskont lan. Ou ta dwe mande enfòmasyon sou nenpòt frè anvan ou kontinye ak tranzaksyon an.

Èske m gen pou m peye yon frè si yo ta refize kat debi mwen an akòz li pa gen ase lajan sou li?

Non.

Pa gen okenn frè pou tranzaksyon yo refize fè akòz kont lan manke lajan sou li; men se yon bon abitud pou w toujou swiv balans ki nan kont ou a tout tan.

Ki kote Mwen ka jwenn lis konplè frè yo?

Yo mete pou ou lis konplè frè yo ansanm ak materyèl ki te akonpaye kat ou a oswa ou ka jwenn li lè w ale sou <https://ocfs.ny.gov/electronicpayments/> ou ka klike sou lyen ki bay frè kat debi yo.

[\[anlè\]](#)

Ki kote mwen ka itilize kat debi mwen an?

Ki kote Mwen ka itilize kat debi mwen an?

Ou ka sèvi ak kat debi w la tou pou retire lajan kach, san frè anplis, nan plis pase 46,000 ATM KeyBank ak Allpoint nan Etazini.

Pou jwenn yon ATM toupre w, sèvi ak lokalizatè ATM yo te mete nan materyèl fòmasyon ki te akonpaye kat ou a.

- www.key.com/locator
- www.allpointnetwork.com

Yon lòt opsyon se konekte nan www.key2benefits.com/NYOCFS pou jwenn aksè a lyen yo sou entènèt.

Epitou, ou ka itilize Kat Debi w la pou w ka retire lajan kach nan yon gichè kès etan nan nenpòt bank ki afiche logo MasterCard la. Epitou, yo aksepte MasterCard la nan plizyè milye espas kote ou ka fè acha epi pafwa w ap jwenn diskont sou acha w la (lè w antre yon PIN). Kantite diskont yo otorize a ka varye selon magazen an, menm jan ak frè yo ka mande yo. Asire ou poze kesye a kesyon konsènan frè ki pou kat debi a anvan w kòmanse tranzaksyon w la.

Èske Mwen ka resevwa peman m nan an lajan kach oswa an chèk nan men yon kesye labank?

Ou ka ale nan nenpòt bank ki afiche logo MasterCard la epi resevwa sibvansyon w lan an lajan kach oswa an fòm chèk. Gen dwa gen yon frè yo fè w peye nan bank lan lè w ap mande lajan sou fòm yon chèk. Logo MasterCard la garanti ke ou ka retire lajan nan kont ou.

Si w swete retire total lajan w lan an lajan kach chak mwa, enben, yo pa rekòmande w pou pran kat debi a. Se opsyon depo dirèk la ki ap yon pi bon chwa pou ou.

Èske Mwen ka itilize kat mwen an nan nenpòt bank, oswa èske li dwe se yon espas ki pou KeyBank?

Ou ka retire lajan kach nan gichè kès nenpòt bank ki afiche logo MasterCard la. Si w ale nan yon espas ki pou KeyBank, ou pa pral gen okenn frè pou w peye pou nenpòt kalite tranzaksyon an. Montre kesye a kat debi a epi poze l kesyon konsènan frè a anvan ou chwazi tranzaksyon w lan.

Èske Mwen ka jwenn diskont nan yon Kote Yo Vann (POS)?

Gen kèk vandè ki pral pèmèt ou resevwa diskont apre acha w la, lè w antre yon PIN. Pa egzanp, pifò boutik yo pèmèt sa. Men, kantite lajan kach yo pèmèt la ak frè yo mande pou peye yo ap varye selon magazen an. Asire ou poze kesye a kesyon konsènan règleman yo anvan ou fin fè tranzaksyon w lan.

Kisa k ap rive si pa gen okenn branch KeyBank kote Mwen rete a?

Ou ka itilize kat debi w la nan ATM KeyBank ak Allpoint yo, ni kote yo vann an detay yo pou fè tranzaksyon nan Kote Yo Vann (POS) ki ka pèmèt ou jwenn diskont lè w fin fè acha w la (lè w antre yon PIN).

Si pa gen yon branch KeyBank toupre w, ale nan www.allpointnetwork.com pou ka jwenn ATM Allpoint ki pi pre kote w ye a.

Epitou, ou ka ale nan nenpòt enstitisyon finansyè ki afiche logo MasterCard la pou retire lajan.

Ki rezo ATM ki aksepte kat debi?

Rezo Cirrus ak Accel yo, yo tout aksepte kat debi. Y ap afiche logo rezo sa yo nan ATM lan. Tcheke dèyè kat debi a pou jwenn logo ki koresponn nan.

Èske gen avantaj lè w sèvi ak yon ATM Allpoint fas ak yon ATM KeyBank?

Pa nesèsman. KeyBank gen yon gwo kouvèti ATM atravè New York; men, nan kèk zòn, ATM Allpoint yo bay yon kouvèti ki amelyore. W ap jwenn ATM Allpoint yo kote y ap vann an detay atravè eta a, men se pa nan bank yo. Tou depan de kote ou ye a, ou ka wè w gen plis aksè a ATM Allpoint yo.